



Pou Piblikasyon Imedya: 04/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN SEYANS ENFÒMASYON SOU KOWONA VIRIS LA, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM ETID ALETRANJE SUNY AK CUNY NAN LACHIN, ITALI, JAPON, IRAN, KORE DISID YO SISPAAN IMEDYATMAN AN REPONS AK PREYOKIPASYON NOUVO KOWONA VIRIS YO

SUNY ak CUNY ap fè aranjman vwayaj retou imedya pou apwoksativman 300 etidyan

Moun ki retounen soti nan peyi ki afekte yo pral vwayaje nan Ayewopò Entènasyonal New York Stewart epi yo pral mete yo an karantèn nan dòtwa yo dezinye yo

Vwyaj kanpis yo finanse andeyò ni Etazini ni pou SUNY ak CUNY yo anile pou semès Prentan an pou peyi ki afekte yo

Pandan yon seyans enfòmasyon sou nouvo kowona viris la, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke pwogram etid aletranje State University of New York ak City University of New York yo nan Lachin, Itali, Japon, Iran ak Kore Disid sispenn avèk efè imedya akòz preyokipasyon sou nouvo kowona viris yo - oswa COVID-19. Nou te pran desizyon an baze sou rekòmandasyon yo ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la. SUNY ak CUNY ap fè aranjman yo pou mennen retounen tout etidyan, pwofesè ak pèsònèl ki pa esansyèl, aktyèlman ki ap etidye oswa travay nan peyi sa yo epi kòmanse karantèn 14 jou. Sant Etazini pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (U.S. Centers for Disease Control and Prevention) te bay tout senk peyi yo oswa yon avètisman Nivo 2 oswa Nivo 3 ki soti nan.

"Kòm nou ap kontinye wè yon ogmantasyon nan ka nouvo kowona viris yo nan tout monn lan, nou ap pran tout prekosyon nesèsè ak mobilize sistèm sante piblik nou an pou pwoteje Nouyòkè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pou nou ka pran anpil prekosyon, pwogram etid aletranje SUNY ak CUNY yo nan peyi ki plis afekte yo pral sispenn avèk efè imedya ak tout etidyan ak pèsònèl yo pral retounen New York epi kòmanse yon karantèn 14 jou. Li enpòtan pou ke domine sou laperèz yo, epi reyalite a sèke nou ap fè tès yo fèt, pibliye enfòmasyon yo ak deplwaye resous swen sante yo pou trete moun ki bezwen yo, kidonk mwen ap raple Nouyòkè yo ke pa gen okenn rezon pou anksyete ki pa nesèsè epi risk jeneral yo rete ba nan New York. "

Rektè SUNY an Kristina Johnson te deklare, "Avèk bon jan kowòdinasyon avèk Depatman Sante New York la ak sekirite ak sante etidyan, pwofesè ak pèsònèl nou yo ki aletranje nan panse nou, nou ap sispenn pwogram etid aletranje yo nan peyi ki afekte yo epi nou te bay fanmi SUNY nou an enstriksyon pou retounen lakay. Nou pral bay

etidyan yo resous finansye ak akademik epi travay pou minimize nenpòt deranjman mezi jodi a gendwa lakòz, pandan nou ap travay agresivman avèk patnè nou yo nan nivo lokal, Eta ak federal po pwoteje kominote kanpis nou yo".

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "Nou apresye lidèchip ak kowòdinasyon Gouvènè Cuomo nan ede nou asire sante, sekirite ak byennèt etidyan nou yo ki aktyèlman enskri nan pwogram etid aletranje yo nan peyi ki te afekte pi gravman yo anba menas sante piblik emèjan sa a. Pou nou ka pran anpil prekosyon, nou ankouraje etidyan nou yo aksepte envitasyon sa a pou retounen kounye a, pou evite konplikasyon pita si sikonstans yo chanje. Nou angaje pou prezève kanpis ak etidyan CUNY yo, ak pou asire ke tout etidyan yo gendwa konplete egzijans kou yo a pou semès la san obstak finansye oswa akademik anplis".

Pou etidyan SUNY ak CUNY nan peyi ki afekte yo ki genyen sepandan pou retounen Ozetazini, SUNY aktyèlman ap aranje vòl yo frete sotì Kore Disid, Itali ak Japon pou vini Ayewopò Entènasyonal New York Stewart nan jou kap vini yo. Yon fwa ke yo rive epi an konfòmite ak règleman DOH yo, reprezantan sante lokal ak Eta a pral egzamine pasajè yo epi SUNY pral aranje transpò pou ale nan dètwa kanpis SUNY yo dezinye yo pou kòmanse karantèn 14 jou yo. SUNY ak CUNY pral answit travay deprè ak kanpis yo, DOH la, ak depatman sante lokal yo pou bay siveyans medikal, pwogram etid a distans, ak divès resous pou ede moun pandan peryòd karantèn lan.

Pou nou ka pran prekosyon, SUNY ak CUNY te anile vwayaj kanpis yo finansye andeyò Etazini pou ale nan peyi ki afekte yo pandan semès prentan an. SUNY ak CUNY pral kontinye revize règleman Sant pou Kontwòl Maladi (Centers for Disease Control, CDC) yo epi travay deprè avèk DOH la pou pran desizyon anplis pou kontinye oswa anile pwochen vwayaj yo nan tout lòt sit entènasyonal kanpis yo finansye yo.

Enfòmasyon sou State University of New York

Inivèsite Eta New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 kolèj oswa inivèsite SUNY yo. Nan otòn 2019, te gen plis pase 415,500 etidyan ki te enskri nan yon pwogram diplòm nan yon kanpis SUNY. An total, SUNY sèvi pandan tout ane a anviwon 1.4 milyon etidyan nan kou ak pwogram ki ofri kredi, edikasyon kontini ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY sipèviz prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Tout sistèm depans pou rechèch yo te depase 1.7 milya dola nan ane fiskal 2019 la, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men elèv ak pwofesè yo. Genyen twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite www.suny.edu.

Prezantasyon City University of New York

City University of New York se pi gwo inivèsite piblik iben peyi a, yon motè transfòmasyon mobilite sosyal ki se yon eleman enpòtan pou fonksyonman Vil New York. Li te fonde nan ane 1847 kòm premye enstitisyon piblik edikasyon siperyè peyi a, CUNY jodi a gen [sèt inivèsite kominotè](#), [11 inivèsite siperyè](#) ak [sèt enstitisyon diplome oswa pwofesyonèl](#) ki epapiye nan senk minisipalite New York yo k ap sèvi 500,000 etidyan epi ki bay 55,000 diplòm chak ane. Melanj kalite ak aksesibilite finansye CUNY an pwopilse prèske sis fwa plis etidyan ki gen revni ba nan klas mwayèn nan ak odela ke

tout inivèsite Ivy League yo konbine. Plis pase 80 pousan diplome inivèsite yo rete nan New York, kontribiye nan tout aspè ekonomik vil la, sivik ak lavi kiltirèl epi divèsifikasyon mendèv vil la nan tout sektè. Diplome ak pwofesè CUNY yo te resevwa anpil onè prestijye ki gen ladan 13 pri nobèl ak 26 sibvansyon MacArthur "Genius". Misyon istorik inivèsite a kontinye jiska jodi a: bay yon edikasyon piblik premye klas pou tout etidyan yo, kèlkeswa mwayen oswa kote yo soti.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)